



Pou Piblikasyon Imedya: 9/12/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE INOGIRASYON PWOJÈ AKSÈ AK ESTASYON PENN METRO-NORTH LA POU POTE KAT NOUVO ESTASYON NAN BRONX

Senatè Schumer, Manm Kongrè Torres ak Manm Kongrè Ocasio-Cortez rejwenn Gouvènè a ak Otorite Transpò Metwopoliten an pou kòmanse konstriksyon an

Pi gwo ekspansyon Wout Ray Metro-North la pral pote sèvis tren nan yon kilomèt edmi ak 500,000 rezidan epi redwi tan vwayaj yo yon fason konsiderab

Bay sèvis Metro-North pou Penn Station atravè Liy New Haven lan, ki konekte Manhattan, East Bronx, Westchester ak Connecticut

Nouvo Sèvis ray pral ekonomize rezidan yo 50 minit pa jou nan tan vwayaje yo nan Manhattan epi ouvri opòtinite vwayaj nan sans envès yo

Sekans segondè Kòmansman Konstriksyon an disponib [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a inogirasyon pwojè Aksè ak Estasyon Penn (Penn Station Access) Metro-North la ansanm ak lidè Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority, MTA) an pandan yon seremoni nan Bronx maten an. Avèk kat nouvo estasyon nan Bronx, pwojè sa a pral pote sèvis tren nan yon kilomèt edmi ak 500,000 rezidan epi li pral pi gwo ekspansyon Wout Ray Metro-North Railroad depi li te fonde an 1983. Lè yo ofri sèvis tren pou ale ak pou soti nan Manhattan, Westchester ak Connecticut, sa pral elaji aksè ak travay, edikasyon ak amizman pou kominote East Bronx yo. Anplis de sa, pwojè a pral redwi tan vwayaj yo yon fason konsiderab, bay opòtinite vwayaj nan sans envès ak ofri yon dezyèm wout enpòtan ki bay nan Manhattan pou premye fwa atravè Metro-North.

"N ap pote transpò piblik modèn, ki an sekirite, ak fyab nan kominote East Bronx yo epi avèk li, I ap pote plis opòtinite ekonomik pou Nouyòkè yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "An patenarya ak Senatè Schumer, Reprèzantan Torres, Ocasio-Cortez, ak Bowman, ak Amtrak, Aksè ak Estasyon Penn lan pral non sèlman redwi tan vwayaj yo yon fason konsiderab, men li pral ede tou konekte plizyè santèn milye rezidan epi ranfòse ekonomi lokal yo. Mwen rekonesan pou patenarya MTA ki fè pwojè sa a dewoule, epi mwen pa ka tann pou mwen wè pwojè ki fini an pou ede asire tout Nouyòkè yo gen aksè ak transpò piblik modèn yo merite a."

Kat nouvo estasyon yo pral nan Hunts Point, Parkchester/Van Nest, Morris Park, ak Co-Op City epi yo pral aksesib pou tout moun dapre Lwa sou Ameriken ki Andikape (Americans with Disabilities Act, ADA) yo.

Agrandisman an pral itilize Lij Hell Gate Amtrak la pou jwenn aksè ak Estasyon Penn lan, optimize enfrastrikti ki egziste deja epi minimize enpak konstriksyon sou kominote ki antoure yo. Tren Metro-North k ap kanpe nan kat nouvo estasyon Bronx yo pral sèvi kòm yon ekstansyon Lij New Haven lan apati Estasyon New Rochelle, pou ofri opsyon transpòtasyon nan East Bronx rive nan Midtown Manhattan ansanm ak pwen nan Westchester, Connecticut ak nan sans envès.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral MTA, Janno Lieber, te deklare, "Penn Station Access se yon eleman ki chanje jwèt la pou yon gwo zòn nan Bronx ki pa te gen transpò piblik. 500,000 rezidan ap viv nan sèlman yon kilomèt edmi ak kat nouvo estasyon Metro-North yo, ak anpil lòt lè w ap gade tout zòn sèvis la. Pwojè sa a vle di trajè ki pi kout yon fason konsiderab ak aksè ak travay, edikasyon, swen sante ki kapab chanje lavi moun ak tout lòt bagay New York gen pou ofri yo."

Prezidan Metwo Metro-North ak Prezidan Pwovizwa Metwo Long Island lan, Catherine Rinaldi te deklare, "Grand Central Madison ap mete LIRR, Metro-North, ak tren an anba yon twati pou premye fwa. Pote sèvis Metro-North nan Penn Station lan pral konekte tren an, LIRR, NJ Transit, PATH, ak Amtrak, ki ofri koneksyon rejyonal kontrèman ak nenpòt lòt kote nan peyi a. Finisman tout pwojè transpò k ap fèt yo pral redefini ak kisa transpò piblik yo sanble nan zòn Twa eta a epi bay transpò esansyèl nan kominote ki gen opsyon limite yo. Jodi a, nou selebre yon etap enpòtan ki mennen nou pi pre reyalyte sa a."

Prezidan Konstriksyon ak Devlopman MTA a, Jamie Torres-Springer, te deklare, "Penn Station Access pral bay avantaj ki pote transfòmasyon pou East Bronx ak tout rejyon New York la. Lè nou pwofite tout enfrastrikti ki egziste deja yo epi aplike pi bon pratik nou yo nan pwojè ki pote siksè tankou Twazyèm Vwa LIRR (Third Track), MTA Construction & Development pral delivre pwojè sa a pi byen, pi vit ak pi bon mache."

Amelyorasyon enfrastrikti yo sou Lij Hell Gate la pral amelyore tou fyabilite sèvis ak pèfòmans alè pou Amtrak, ki ap kontribye 500 milyon dola nan pwojè a, gras ak efò Lidè Majorite Sena a Charles Schumer. Amtrak te dakò tou pou peye depans reta yo si yo pa reponn ak angajman pou reponn ak pàn oswa mendèv. Yo prevwa pri total pwojè a nan 3.18 milya dola, apre yon Amanman Plan Kapital yo te anonse an Jiyè a pou enkli plis finansman pou agrandisman New Rochelle Yard la.

Tony Coscia, ki se Prezidan Komite Amtrak la, te deklare, "Pwojè Aksè ak Estasyon Penn lan alinye ak vizyon Amtrak la pou agrandi sèvis tren pasaje yo ak wout nouvo oswa wout amelyore nan zòn ki pa gen ase sèvis yo kounye a. Lè yo konekte kominote yo, tren yo ede bay aksè ak travay ak mobilite ekonomik ki konbat inegalite. Nou felisite Gouvènè Hochul ak patnè nou yo nan MTA paske yo rive nan etap enpòtan sa a, epi

nou remèsye Senatè Schumer, Manm Kongrè Torres ak patnè nou yo nan Kongrè a pou lidèchip yo nan fè pwojè enpòtan sa a avanse pou pi devan."

Lidè Majorite Sena a, Chuck Schumer, te deklare, "Pandan twò lontan, East ak South Bronx te yon dezè transpò piblik. Se poutèt sa mwen te goumen anpil pou avanse pwojè enpòtan sa a—premyeman, nan rasanble Amtrak ak MTA a pou dekri detay patenarya yo; epi dezyèmman, nan bay plizyè dizèn milya dola atravè Lwa sou Enfrastrikti Bilateral (Bipartisan Infrastructure Law, BIL) la ki pral peye pou kat nouvo estasyon Metro-North nan East ak South Bronx. Devlopman transpò piblik egal devlopman kominotè, epi pandan n ap kontinye rebati ekonomi nou an apre pandemi an, nou dwe fè tout sa nou kapab pou asire ke li se yon rekiperasyon ekitab atravè pwojè tankou Aksè ak Estasyon Penn lan. Avèk inogirasyon jodi a, New York ap konstwi pwochen jenerasyon sistèm transpò piblik nou an ki pral kenbe vil nou an ap grandi, kontinye atire nouvo moun ak biznis, epi kontinye vibre ak enèji ki fè kote sa a tèlman espesyal."

Reprezantan Alexandria Ocasio-Cortez, te deklare, "Vwazen nou yo nan Bronx te kapab wè tan vwayaj yo diminye pa plis pase inèdtan akòz Pwojè Aksè ak Estasyon Penn lan. Mwen te defann depi lontan envesti nan transpò piblik, e li enpòtan sitou pou wè enpak pozitif li pral genyen sou kominote klas travayè yo nan distri nou an."

Reprezantan Jamaal Bowman te deklare, "Elektè Bronx ak Westchester mwen yo bezwen jistis transpò piblik pou lontan. Pwojè Aksè ak Estasyon Penn Metro-North la ede reyalize ekite transpò pou moun Bronx ak New Rochelle mwen yo. Inogirasyon an ak finisman alavni pwojè sa a ki anreta se yon bagay n ap tann ak enpasyans, Tan vwayaj long yo afekte kalite lavi nou nan plizyè fason, epi diminisyon nan tan vwayaj la pral ouvri nouvo opòtinite pou anpil moun ak fanmi yo. Lè yo ajoute agrandisman sa yo nan Metro-North la, sa pral pèmèt plis manm kominote nou an chwazi vwayaje nan transpò piblik pase kondwi epi pouse nou nan direkson yon avni vèt. Mwen fyè pou m sipòte pwojè transpò piblik k ap chanje kominote sa yo nan nivo federal epi mwen pa ka tann pou m kontinye defann envestisman nan enfrastrikti alavni ki fè transpò piblik aksesib pou tout moun."

Reprezantan Ritchie Torres, te deklare, "Pandan twò lontan Bronx lan te neglije nan sa ki gen pou wè ak transpò piblik. Pwojè ekspansyon metro Penn Access la se yon etap pou pi devan pou asire Bronx gen bon aksè ak Metro. Ekspansyon sa a non sèlman diminye tan vwayaj, amelyore koneksyon rejyonal yo, epi li bay avantaj ekonomik lokal. Bronx ap pwospere epi li pa sèlman ap siviv, epi pwojè sa a se yon etap enpòtan nan asire kwasans kominote nou an."

Lidè Majorite Sena Eta New York la Andrea Stewart-Cousins, te deklare, "Pwojè Aksè ak Estasyon Penn Metro-North la se yon opòtinite enteresan pou konekte kominote lokal nou yo, ekonomi yo, enstitisyon edikatif yo, ak plis ankò. Mwen ap defann pwojè sa a, epi mwen remèsye kòlèg mwen yo nan eta ak patnè federal yo nan gouvènman an pou efò yo fè pou pote agrandisman sa a vin yon reyalite. Mwen pran

angajman pou m sipòte envèstisman enfracstrikti entèlijman epi mwen pa ka tann finisman pwojè Aksè ak Estasyon Penn Metro-North la."

Prezidan Asanble a Carl Heastie te deklare, "Agrandisman Wout Ray Metro-North nan plizyè kominote Bronx yo pral transfòme transpò piblik jan nou konnen li. Transpò rapid, fyab, ak aksesib se yon nesosite nan katye sa yo, ki souvan dekri pa anpil moun kòm dezè transpò piblik. Ekspansyon sa a enpòtan pou rezidan yo ak kominote avwazinant yo, li ouvri yon pòtay pou opòtinite ekonomik ak sosyal san limit. Investisman sa a nan kominote Bronx lan pral gen yon gwo enpak."

Senatè Eta a, Luis Sepúlveda te deklare, "Agrandisman Gouvènè Hochul te anonse jodi a ak investisman plizyè milyon dola nan estasyon Hunts Point, Parkchester/Van Nest, Morris Park, ak Co-Op City yo pral lakòz yon gwo amelyorasyon nan kalite lavi pou nou tout nan Bronx la. Pwojè envestisman enfracstrikti sa a pral dirèkteman amelyore lavi plizyè milye rezidan Bronx yo. Non sèlman nou pral gen pi bon enstalasyon, tan transpò ki redui ak pi bon entèkoneksyon ak rès vil la, men nou pral kapab tou pwofite avantaj sa a pou biznis ak edikasyon nou an. Mwen felisite MTA, biwo Gouvènè a ak tout moun ki enplike nan fè sa reyalize."

Manm Asanble Amy Paulin te deklare, "Penn Station Access pral chanje jwèt la pou rezidan Bronx, Manhattan, Westchester ak Connecticut yo. Pou la pwemye fwa kominote sa yo pral gen yon vwayaj nan yon sèl syèz pou ale nan Penn Station, ekonomize 50 minit pa jou nan tan vwayaj yo. Ekonomi tan sa a ak komodite 5 nouvo estasyon yo ouvri pi gwo aksè ak travay, edikasyon ak swen sante. Mwen remèsye MTA pou travay di yo pou yo rive nan jounen jodi a epi mwen pa ka tann pou rezidan nou yo fè eksperyans ak nouvo epòk aksè amelyore ak eksperyans kliyantèl sa a."

Manm Asanble Jeffrey Dinowitz te deklare, "Etap pou pi devan jodi a ak Aksè ak Estasyon Penn lan se yon bèl moman pou abitan Bronx yo. Arive sèvis Metro-North nan East Bronx lan pral elaji anpil opòtinite ekonomik pou minisipalite nou an. Felisasyon pou Gouvènè Hochul ak MTA paske yo kontinye fè pwogrè e nou tout ap tann ak enpasyans finisman pwojè sa a."

Manm Asanble Michael Benedetto te deklare, "Moun nan Bronx ak Co-op City remèsye Gouvènè Hochul paske li te fè rèv nou ap batay depi lontan pou li a vin yon reyalite: yon Estasyon Metro-North nan Bronx. Kounye a nou vrèman an kontak ak pi gwo rejyon metwopolitèn la, atant nou an fini."

George Latimer, ki se Chèf Egzekitif Konte Westchester, te deklare, "Pwojè Aksè ak Estasyon Penn lan se yon viktwa pou rezidan Westchester yo k ap viv sou Sound Shore a. Kreyasyon depasman nan yon syèj nan Estasyon Penn lan, ki ouvri plis aksè nan travay, edikasyon ak swen sante pou premye fwa, pral amelyore depasman, redui emisyon gaz a efè sè yo epi ogmante valè Westchester nan pwosesis la. Ansanm, tout nivo Gouvènman te kreye yon vrè chanjman dinamik pou moun nou te eli pou sèvi yo."

Majistra New Rochelle la Noam Bramson te di, "Aksè ak Estasyon Penn lan se amelyorasyon ki pi enpòtan nan enfrastrikti transpò rejyon nou an nan yon jenerasyon, ak anpil avantaj pou ekonomi, anviwònman ak kalite lavi nou an. Pou New Rochelle, pwojè a genyen yon enpòtan espesyal, li ban nou estasyon Metro-North ki pi pre Manhattan lan ak sèvis dirèk nan Grand Central ak Penn, epi pozisyon distri transpò anba lavil nou an pou devlopman ekonomik ak kwasans dirab san parèy."

Prezidan Minisipalite Bronx, Vanessa L. Gibson te deklare, "East Bronx te nan yon defavorize pou yon bon bout tan nan sa ki gen rapò ak aksè ak transpò, men kat nouvo estasyon Metro-North sa yo pral rann li pi fasil pou vwayajè yo vwayaje nan destinasyon yo epi ede elimine dezè transpò piblik yo nan minisipalite nou an. Mwen vle Gouvènè Hochul, Senatè Schumer, Manm Torres, Manm Ocasio-Cortez, Amtrak, Penn Station Access ak MTA paske yo te pouse inisyativ sa a pou pi devan ak angajman yo genyen pou ekite transpò piblik pou rezidan East Bronx nou yo. Mwen pa ka tann pou mwen wè fen pwojè sa a".

Manm Konsèy Rafael Salamanca, te deklare, "Evènman inogirasyon istorik jodi a k ap selebre kat nouvo estasyon Metro-North nan Bronx, ki enkli nan seksyon Hunts Point lan nan distri mwen an, se yon moman esansyèl nan reyalize ekite transpò vil ak eta nou an t ap chèche reyalize. Non sèlman agrandi aksè pou ale ak soti nan Penn Station, nouvo estasyon sa yo pral ogmante anpil opòtinite ekonomik ak edikasyon yo bay rezidan Bronx yo nan Konte Westchester ak Connecticut, zòn ki pa te aksesib anvan atravè yon wout transpò dirèk. Mwen remèsye Gouvènè Hochul, Majistra Adams, patnè vil, eta ak federal yo pou detèminasyon yo pou fè pwojè sa a vin yon reyalite."

Manm Konsèy Amanda Farías, te deklare, "Mwen kontan anpil lè m genyen opòtinite pou m anplwaye rezidan Bronx yo lokalman epi ajoute yon nouvo opsyon vwayaj ki aksesib epi ki abòdab pou vwazen mwen yo pou ede diminye anbouteyaj epi ogmante transpò dirab nan distri mwen an. Mwen espere angaje ak kominote mwen an sou tout pwojè yo pwopoze yo epi travay an kowòdinasyon ak feedbak yo pou asire ke plan Metro-North Bronx lan satisfè bezwen Bronx la an premye epi dirèkteman li nan avantaj piblik la."

Manm Konsèy Marjorie Velázquez, te deklare, "Akspansyon Metro-North la pral jwe yon wòl enpòtan nan sipòte ekonomi an nan pwodwi dè milye djòb epi bay aksè ak jwayo kache Bronx ofri yo. Pandan kominote nou yo ap grandi, nou dwe bati pou reflekte katye k ap pwospere nou yo. Souvan gen twòp baryè ki anpeche envestisman enpòtan tankou sa a; lè nou itilize enfrastrikti ki deja egziste, nou pral simonte obstak sa yo. Epi pou kominote tankou pa mwen an (Morris Park ak Parkchester/Van Nest) ki se dezè transpò piblik, yo pa ka nye bezwen pou plis opsyon transpò. Agrandisman sa a se yon envestisman enkwayab, epi mwen kontan wè kominote mwen an kòm yon pati nan inisyativ sa a."

Gary LaBarbera, Prezidan Konsèy Metye Konstriksyon Greater New York, te deklare, "Jodi a reprezante yon lòt etap enpòtan ankò nan modènize ak revitalize rezo tren vil nou an ak yon pwojè ki pral kreye plizyè milye karyè klas mwayèn ak benefis

pou Nouyòkè k ap travay di yo. Nou aplodi Gouvènè Hochul pou devouman fèm yo nan pwojè sa a epi nou rekonesan pou lidèchip yo pandan inisyativ kle sa a ap vanse. Manm nou yo pa ka tann pou yo travay avèk moun ki gen enterè yo ak patnè nou yo atravè endistri a pou finalman transfòme Penn Station an yon sant transpò ki ekzanplè ak fonksyonèl ke Nouyòkè yo merite epi ke yo ka vrèman fyè de li."

Avantaj Pwojè yo

- **Diminye tan vwayaj yo yon fason konsiderab.** Pasaje East Bronx k ap vwayaje nan Penn Station lan ka ekonomize jiska 50 minit nan chak wout, epi moun k ap vwayaje nan Connecticut ka ekonomize jiska 75 minit. Kòm egzanp, soti nan estasyon Co-Op City pwopoze a rive nan Estasyon Penn lan, li pran apeprè 75 minit pou rive nan Estasyon Penn lan, ak finisman ak Aksè ak Estasyon Penn lan, tan vwayaj la prevwa pran sèlman apeprè 25 minit. Pasaje aktyèl Liy New Haven lan ak destinasyon sou bò lwès la ka ekonomize jiska 40 minit pa jou.
- **Ogmantasyon nan opòtinite vwayaj nan sans envès.** Moun kap deplase nan sans envès yo ap kapab vwayaje pi fasil soti nan Estasyon Penn pou ale nan Hunts Point, Parkchester/Van Nest, Morris Park, Co-op City, Westchester ak sid Connecticut.
- **Avantaj ekonomi lokal ak dirabilite amelyore.** Amelyore aksè nan East Bronx, Westchester ak Connecticut pral benefisye kanpis edikasyon lokal yo, enstitisyon medikal yo, ak sant ki vann an detay yo. Lè yo redwi tan vwayaj yo yon fason konsiderab, Aksè ak Estasyon Penn lan pral fè transpò piblik vin yon altènatif vwayaj ki vyab, ki atiran, ki ankouraje chofè yo pou yo tranzisyon nan direyon transpò an komen, sa k ap redui konjesyon sikilasyon ak emisyon yo.
- **Koneksyon rejyonal amelyore.** Avèk opsyon adisyonèl yo, rezidan Bronx yo ak moun ki soti nan gran rejyon Vil New York la, Westchester, Connecticut, ak rejyon Nòdès la, yo pral kapab pi fasil rive nan destinasyon yo atravè Nòdès la ak koneksyon ak metwo NJ Transit, LIRR, PATH, Amtrak, ak metro NYCT yo.

Detay pwojè yo

Anplis kat nouvo estasyon ADA yo, pwojè a pral chanje wout 2 liy ki egziste a an yon wout ray 4 liy ki laj, ki gen plis pase 31 kilomèt nouvo liy epi ki reyabilite. Ekspansyon sa a nan yon wout ray ki gen 4 liy pral bay fleksibilite nan sèvis pou sipòte ogmantasyon nan Metro-North ak tren Amtrak yo ki prevwa opere nan zòn nan epi pèmèt solisyon an ka ta gen yon ripti nan sèvis la.

Sèvis adisyonèl la egzije yon agrandisman New Rochelle Yard Metro-North nan Westchester, ansanm ak modènizasyon enfrastrikti siyal, elektrisite ak kominikasyon. Sa a pral genyen kat nouvo entèvwouyaj, senk nouvo soustasyon, rekonfigirasyon nan entèvwouyaj Pelham Bay ak amelyorasyon nan de estasyon ki egziste deja yo.

Pwojè a gen ladan tou travay reyabilitasyon pou repare ak ranfòse kat pon sa yo pou pote sikilasyon tren adisyonèl: Bronx River Bridge, Eastchester Road Bridge, Bronxdale Avenue Bridge ak Pelham Lane Bridge.

Delè pwojè a

Nan mwa septanm 2021, Administrasyon Transpò Federal (Federal Transit Administration) la te pibliye yon Konklizyon ki Pa gen Enpak Siyifikatif, ki te pèmèt pwojè a kontinye. Nan dat 29 desanm 2021, MTA te akòde kontra Konsepsyon Konstriksyon bay antrepriz konjwen Halmar International, LLC ak RailWorks.

Youn nan premye eleman pwojè ki pral fèt yo pral gen konstriksyon entèvwouyaj Leggett la, ki se youn nan kat nouvo entèvwouyaj yo. Entèvwouyaj Leggett la pral sitiye nan sid estasyon Hunts Point yo pwopoze a. Konstriksyon estasyon tren pasaje aktyèl yo prevwa kòmanse an 2024. Dat finisman yo prevwa pou Pwojè Aksè ak Estasyon Penn lan se 2027.

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418